


**Kisa pou w fè si  
Asosyasyon vle kòb Iwaye  
ou a**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Pwojè Dwa Lokatè**

## **LWA KI AFEKTE LOKATÈ K'AP VIV NAN ASOSYASYON**

Moun ki ap lwe kondominyòm nan men yon asosyasyon kondominyòm oswa kay ki nan asosyasion pwopryetè kay genyen dwa ki diferan de lòt lokatè. Nan sèten sitiyyasyon, asosyasyon a kapab mande pou lokatè a pou l peye lwaye a oswa mete limit sou aksè nan zòn komen.

### **KIYÈS KI ENPLIKE?**

- OU se yon LOKATÈ paske w'ap lwe yon apatman.
- PWOPRYETÈ se mèt kay la.
- ASOSYASYON KONDOMINYÒM oswa asosyasyon mèt kay ("asosyasyon") se organizasyon ki jere kominate yo.

### **E SI PWOPRYETÈ A PA PEYE FRÈ ASOSYASYON AN?**

Asosyasyon yo faktire pwopryetè kay yo frè pa mwa ansanm ak evalyasyon. Pafwa, yo rele sa "frè mentyen" oswa "evalyasyon". Asosyasyon an itilize kòb sa pou yo kapab pran swen epi okipe kominate a. Si pwopryetè kay kote w rete a pa peye frè sa yo, asosyasion kapab mande OU pou w' peye lwaye kay la bay yo dirèkteman jiskase tout kòb pwopryetè a dwe asosyasyon a fin peye. Si yo mande w pou w peye frè mèt kay kote w rete a, oud we fè sa jiskaske asosyasyon an di w ou pa bezwen peye ankò.

### **KI DWA MWEN GENYEN?**

- **Notifikasyon a lekri.** Asosyasyon dwe voye ba w yon notifikasyon a LEKRI ki di fòk ou peye lwaye a bay asosyasyon an. Ou dwe kòmanse peye lwaye a lè ou resevwa notifikasyon a lekri asosyasyon an. Notifikasyon a dwe genyen pawòl sa yo ladan li.:

*Pursuant to section 718.116(11), Florida Statutes, the association demands that you pay your rent directly to the condominium association and continue doing so until the association notifies you otherwise. Payment due the condominium association may be in the same form as you paid your landlord and must be sent by United States mail or hand delivery to (full address) payable to (association). Your obligation to pay your rent to the association begins immediately, unless you have already paid rent to your landlord for the current period before receiving this notice. In that case, you must provide the association written proof of your payment within 14 days after receiving this notice and your obligation to pay rent to the association would begin with the next rental period. Pursuant to section 718.116(11), Florida Statutes, your payment of rent to the association gives you complete immunity from any claim for the rent by your landlord for all amounts timely paid to the association.*

Si ou gen tan peye lwaye a bay pwopryetè a pou mwen sila, ou dwe bay asosyasyon yon prèv peman a LEKRI nan 14 jou aprè ou fin resevwa notifikasyon an. Ou dwe peye lwaye pwochen mwa a bay asosyasyon an. Fòk ou mande pou yo ba ou yon fich epi fòk ou konsève fich sa nan yon kote ki an sekirite. Si ou mande asosyasyon an ba w fich, yo dwe ba ou yo.

- **Kisa pou mwen peye?** Si mèt kay la pa peye frè yo, asosyasyon gen dwa mande w pou ou bay yo kòb lwaye jiskaske dét pwopryetè a fin peye. Ou pa JANM dwe peye plis ke lwaye ou bay asosyasyon, kèlkeswa kantite kòb fre yo ta ye. Lwa Florida di ke ou pa dwe peye plis ke kòb lwaye pa mwa a. Si ou panse asosyasyon an ap mande twòp kòb pou lwaye a, ou dwe chèche jwenn konsèy yon avoka.

## **EVIKSYON**

Si ou peye lwaye ou bay asosyasyon, mèt kay la pa gen dwa pote plent kont ou lajistis oswa soumèt yon eviksyon kont ou. Si pwopryetè a ta vle pote plent kont ou pou li mete w deyò, w'ap kapab defann tèt ou kont eviksyon sa. Si ou bay asosyasyon an kòb lwaye a aprè yon fin voye notifikasyon ba ou, asosyasyon a kapab soumèt yon plent pou eviksyon kont ou. Asosyasyon dwe ba ou 3 jou notifikasyon anvan li soumèt demand eviksyon an, menm ja tout lòt pwopryetè fè. Ou dwe konsilte yon avoka si yo soumèt yon eviksyon kont ou. Si pwopryetè a voye yon eviksyon ba ou, PINGA ou pa okipe li.

## **ESPAS KOMEN AK ENSTALASYON**

Si pwopryetè genyen plis pase 90 jou depi li pa peye frè asosyasyon, asosyasyon gen dwa refize ou itilize espas komen ak enstalasyon yo tankou pisin oswa kote moun fè espò. Yo kapab fè w peye amand si yo ta jwenn ou ap itilize enstalasyon a alòs ke asosyasyon entèdi w sa. Si ou pa gen aksè pou w itilize espas komen yo oswa enstalasyon y, ou dwe eseye negosye pou pwopryetè a bese kòb lwaye a.

## **AKSÈ AK PAKIN**

Menm si ou pa ta kapab itilize zòn komen yo ak enstalasyon yo paske pwopryetè a gen plis pase 90 jou depi li pa peye frè asosyasyon a, asosyasyon PA KAPAB refize ou dwa w genyen pou w pake machin oswa rantre nan batiman an oswa nan apatman ou. Pa egzanp, asosyasyon pa kapab koupe kat aksè ou genyen pou w rantre nan batiman an poutèt pworpyetè a dwe yo kòb.

## **AMAND**

- **\$100 pou chak Vyolasyon.** Si ou deside vyole règ asosyasyon (pa egzanp, si ou itilize espas komen yo alòs ke ou pa gen dwa sap aske pwopryete apa peye frè asosyasyon depi plis pase 90 jou), asosyasyon kapab mete yon amand \$100 pou chak vyolasyon, pou rive \$1,000
- **Notifikasyon ak Odyans.** Anvan yo mete yon amand sou ou, asosyasyon dwe ba w yon notifikasyon 14 jou kote li eksplike poukisa ou dwe peye yon amand. W ap genyen tou pou ale nan odyans devan yon komite anvan yon mete amand lan sou ou.

## **SEKSYON 8**

Si ou se yon patisipan Seksyon 8, epi asosyasyon eseye fè peye plis ke pòsyon ou dwe peye a nan kòb lwaye a, fòk ou pote dokiman ki prouve ou se yon patisipan Seksyon 8 kidonk ou sèlman dwe peye yon pati nan kòb lwaye a. Si asosyasyon an ta eseye pran tout kòb lwaye a sou ou, oud we kontakte Legal Services san pèdi tan.

## **AVÈTISMAN**

Lwa sila se yon ki plis ou mwen novo. Jan sa pase ak novo lwa, tribunal yo kapab entèprete li yon lòt nan nan fiti a. Fòk ou toujou chèche jwenn konsè yon avoka sou detay spesifik ki gen pou wè ak ka w la.